

## BAB III METODE PANALUNGTIKAN


### 3.1 Méthode Panalungtikan

Méthode anu dipaké dina nyusun ieu skripsi téh nyaéta méthode déskriptif analitis. Méthode déskriptif nyaéta metode anu miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun atawa ngajelaskeun hiji hal atawa kajadian anu aya di jaman kiwari. Méthode déskriptif ieu bisa ngadéskripsikeun hiji variabel atawa leuwih (Sudjana dina Ratna, 2013).

### 3.2 Désain Panalungtikan

Nurutkeun Meleong (2012, kc. 6) yén desain panalungtikan raket patalina jeung pamarekan ogé méthode panalungtikan. Pamarekan nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta pamarekan kualitatif. Pamarekan ieu dihartikeun salaku pamarekan anu ngagunakeun prosedur analisis, sarta teu ngagunakeun metode analisis statistik.

**Bagan 3.1 Desain Panalungtikan**



### 3.3 Téknik Panalungtikan

#### 3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nyaéta cara anu dipaké panalungtik pikeun ngumpulkeun data dina panalungtikanana (Arikunto, 2013, kc. 136). Téhnik dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik studi pustaka. Studi Pustaka nyaéta metode

ngumpulkeun data ku cara néangan informasi dina buku, koran, majalah, jeung literatur séjénna pikeun ngawangun hiji landasan tiori (Arikunto, 2013). Dina ngumpulkeun data, ngagunakeun teknik studi pustaka jeung studi dokumentasi.

### **3.3.2 Téhnik Ngolah Data**

Sabada data kakumpul, data tuluy diolah maké teknik deskriptif analitik pikeun meunangkeun jawaban tina masalah anu keur ditalungtik. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 281) téknik ngolah data nyaéta hasil analisis data anu dicangking ku cara ngagunakeun rumus-rumus atawa aturan anu saluyu jeung pamarekan atawa désain panalungtikan anu digunakeun. Dina ngolah data ieu panalungtikan ngagunakeun tiori strukturalisme jeung psikologi humanistik. Dina ngolah datana nyaéta nganalisis eusi carita sangkan bisa nyumponan kana pangabutuh manusa nu ditétélakeun ku Abraham masllow dina tiorina nyaéta aya pangabutuh fisiologis, pangabutuh kana rasa aman, pangabutuh kana rasa cinta, pangabutuh kana pangajén, jeung aktualisasi diri.

## **3.4 Instrumén Panalungtikan**

Instrumén panalungtikan nyaéta alat bantu atawa fasilitas anu dipilih jeung digunakeun pikeun ngumpulkeun data anu luyu jeung masalah nu ditalungtik sangkan sistematis jeung babari (Arikunto, 2013, kc. 265). Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh dibagi jadi dua: 1) instrumén ngumpulkeun data (tabél céklis dokuméntasi jeung tabél cutatan); jeung 2) instrumén ngolah data (kartu data).

### **3.4.1 Instrumén Ngumpulkeun Data**

Instrumén waktu ngumpulkeun data ngagunakeun tabél atawa dokuméntasi. Buku-buku sumber anu ngarojong kana ieu panalungtikan baris didata heula, tuluy sabada didata buku teh dibaca bari dipilih, buku mana waé anu saluyu sarta bakal digunakeun dina ieu panalungtikan. Nurutkeun (Sugiyono, 2012, kc. 224-225) ngumpulkeun data bisa dilakukeun ku rupa-rupa sumber, jeung carana. Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik studi pustaka.

**Tabél 3.1**  
*Instrumén Céklis Dokuméntasi Pustaka*

No.	Téma Buku	Judul Buku	Digunakeun	Teu Digunakeun
1.	Kabudayaan			
2.	Sastra		√	
3.	Kabasaan		√	
4.	Umum/Pendidikan		√	

**Tabél 3.2**  
*Struktur (Cutatan Téma)*

No.	Téma	Cutatan	Kode Data (N/E/P/KU/KC)
1.	Ingetan nu matak nyeri	Sakola. Iyang. Mun maot téh tong ayeuna-ayeuna. Engké wé lamun urang geus bener-bener teu walakaya. Geus linglung ngurilingan Kebon Binatang. Léok deui léok deui ka hareupeun kandang monyet.	NP/E1/P1/KU1/KC5
2.			

**Katerangan:**

N: Judul Novél

E: Episode

P: Paragraf

KU: Kode Urutan Data

KC: Kaca

Ane Ainun Nurlaela, 2021

**KONFLIK BATIN TOKOH UTAMA DINA NOVEL PANGANTEN KARYA DEDEN ABDUL AZIZ (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI KAPRIBADIAN HUMANISTIK)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

**Tabél 3.3***Struktur Fakta Carita (Galur)*

No.	Pengaluran	Kode Data (N/E/KU)
1	Rinrin meunang béja yén Gumilang maot di Cipanas	NP/E1/KU2
2		

**Keterangan:**

- 1) N: Judul Novél
- 2) E: Episode/Bagian/Bab
- 3) KU: Kode Urutan Data

**Tabél 3.4***Struktur Fakta Carita (Cutatan Tokoh)*

No.	Tokoh	Sipat/Watek	Kode Data (E/KU/KC/P)	Cutatan	Kapanggih dina kaca
1	Rinrin	Beuki heureuy	E1/KU3/KC6/P4	“Rin!” Si Rudi ngagorowok. “Keur naon?” “Biasa wé moyan!” “Geus dahar acan?” “Naon rék nraktir?”	6

**Keterangan:**

- 1) E: Episode/Bagian/Bab
- 2) KU: Kode Urutan Data
- 3) KC: Kaca
- 4) P: Pragraf

**Tabél 3.5**

*Struktur Fakta Carita (Latar)*

No	Latar	Kode Data (L/E/KU/KC)	Cutatan
1	Kebon Binatang	LT/E1/KU4/KC5	Sakola. Iyang. Mun maot téh tong ayeuna-ayeuna. Engké wé lamun urang geus bener-bener teu walakaya. Geus linglung ngurilingan Kebon Binatang. Léok deui léok deui ka hareupeun kandang monyet
2			

**Katerangan:**

- 1) L (LT/LW/LS):                   Latar (Latar Tempat/Latar Waktu/Latar Sosial)
- 2) E:                                   Episode/Bagian/Bab
- 3) KU:                                Kode Urutan Data
- 4) KC:                                Kaca

**Tabél 3.6**

*Struktur Sarana Sastra (Cutatan Puseur Implengan)*

No.	Puseur Implengan	Kode Data (E/KU/KC)	Cutatan
1	Jalma Kahiji	E1/KU5/KC5	Iyang. Mun maot téh tong ayeuna-ayeuna. Engké wé lamun urang geus bener-bener teu walakaya. Geus linglung ngurilingan Kebon Binatang. Léok deui léok deui ka hareupeun kandang monyet
2			

**Katerangan:**

- 1) E:                                   Episode/Bagian/Bab
- 2) KU:                                Kode Urutan Data
- 3) KC:                                Kaca

**Tabél 3.7***Struktur Sarana Sastra (Cutatan Gaya Basa)*

No.	Gaya Basa	Kode Data (GB/E/KU/KC)	Cutatan
1	Ngumpamakeun	N/E1/KU6/KC5	Tuh, abrulan barudak kelas manéh datang nyamperkeun urang. Rék naon deui lamun lain rék ngabéjaan mah. Kateuteuriari ngabéjaan bulu tuur. Manéh mah keur ngajelepeng wé meureun, di Cipanas, keur suka seuri jero haté ninggalikeun indung téré manéh léwéh.

**Katerangan:**

- 1) GB: Gaya Basa
- 2) E: Episode/Bagian/Bab
- 3) KU: Kode Urutan Data
- 4) KC: Kaca

**3.4.2 Instrumén Ngolah Data**

Instrumén dina ngolah data nyaéta ngagunakeun kartu data. Kartu data mangrupa instrumén anu dipaké pikeun ngébréhkeun data dina wangun cutatan-cutatan carita anu aya dina novél *Pangantén* karya Dédén Abdul Aziz. Ieu di handap mangrupa gambaran kartu data anu digunakeun.

**Kartu Data Analisis****Gambar 3.1***Kartu Data Téma*

Kode Data	: NP/E1/P1/KU1/KC5
Téma	: Ingetan nu matak nyeri
Analisis	: Sakola. Iyang. Mun maot téh tong ayeuna-ayeuna. Engké wé lamun urang geus bener-bener teu walakaya. Geus linglung ngurilingan Kebon Binatang. Léok deui léok deui ka hareupeun kandang monyet.

**Gambar 3.2***Kartu Data Fakta Carita (Latar)*

Kode Data	: LT/E1/KU1/KC5
Jenis Latar	: Latar Tempat
Analisis	: Leungeun Pa Asép nu buluan téh deui-deui nyampay kana taktak. Urang dikaléng diajak leumpang lalaunan ka jero kompléks sakola.

**Gambar 3.3***Kartu Data Fakta Carita (Galur)*

Kode Data	: SC/KU2/KC6/P4
Bagian	: <i>Situation</i>
Analisis	: Tuh panghareupna Si Dini, ceurik eurih-euriheun bari leumpang atok-atokan meuntas lapang. Ningalikeun pisan kaleungitanana téh. Rumasa loba dosa meureun, nolak cinta manéh dua kali.

**Gambar 3.4***Kartu Data Fakta Carita (Palaku)*

Kode Data	: SC/KU4/KC8/P15
Ngaran tokoh	: Rinrin
Watek tokoh	: Beuki Heureuy

**Gambar 3.5***Kartu Data Sarana Sasta (Gaya Basa)*

Kode Data	: N/E1/KU1/KC5
Gaya Basa	: Ngumpamakeun
Analisis	: Tuh, abrulan barudak kelas manéh datang nyamperkeun urang. Rék naon deui lamun lain rék ngabéjaan mah. Kateuteuriari ngabéjaan bulu tuur. Manéh mah keur ngajelepeng wé meureun, di Cipanas, keur suka seuri jero haté ninggalikeun indung téré manéh léwéh.

### Gambar 3.6

#### *Kartu Data Sarana Sasta (Sudut Pandang)*

Kode Data	: E1/KU5/KC5
Sudut Pandang	: Jalma Kahiji
Analisis	: Iyang. Mun maot téh tong ayeuna-ayeuna. Engké wé lamun urang geus bener-bener teu walakaya. Geus linglung ngurilingan Kebon Binatang. Léok deui léok deui ka hareupeun kandang monyet

### Gambar 3.7

#### *Kartu Data Psikologi Kapribadian Humanistik*

Kode Data	: P/PH/KC6/P2
Aspék Psikologi Humanistik	: Pangabutuh Rasa Aman
Analisis	: Baturan urang Yang. Sigana urang dicehcer deui ieu mah. Hiji lawan genep.

## 3.5 Data jeung Sumber Data

### 3.5.1 Data

Data dina ieu panalungtikeun nyaéta strukturalisme jeung konflik tokoh utama anu aya dina novél *Pangantén* karya Dédén Abdul Aziz. Anapon dina ieu panalungtikan téh nyaéta unsur intrinsik novél nu ngawengku tema, fakta carita (alur, palaku jeung watek, latar), jeung sarana sastra (judul, puseur implengan, gaya basa).


### 3.5.2 Sumber Data

Sumber data anu dipaké dina ieu panalungtikan teh nyaéta aya dua, sumber data primer nu mangrupa novél *Pangantén* karya Dédén Abdul Aziz, jeung sumber data sékundér nu mangrupa buku-buku matéri ogé jurnal anu aya patalina jeung ieu panalungtikan.



### 3.5.2.1 Identitas Novél

Judul : Pangantén  
 Pangarang : Dédén Abdul Aziz  
 Medal : Citakan ka-3 Juli taun 2019  
 Pamedal : PT Kiblat Buku Utama  
 Kandel Buku : 56 kaca  
 Warna Jilid : Bungur



**Gambar 3.8**  
**Sampul Novél**

Novél *Pangantén* karya Dédén Abdul Aziz mangrupa karya sastra novél anu kungsi dilélér Hadiah Sastra Rancagé dina taun 2004. Ieu karya novél téh ditulis dina taun 2001 tur diterbitkeun ku Penerbit Kiblat taun 2003 mangrupa citakan ka-1. Tuluy diterbitkeun deui citakan ka-2 Juni taun 2010, jeung citakan ka-3 Juli 2019. Kekecapan anu digunakeun dina ieu novél mangrupa gaya basa dina taun 2000. Novél *Pangantén* kaasup novél nu masalahna kawilang beurat, sabab loba konflik anu karandapan ku tokoh utama nyaéta. Rinrin sanggeus kabogohna nyaéta Gumilang maot nelasan manéh sanggeus nyebutkeun hayang kawin teuing ka saha Rinrin teu puguh rasa, manéhna ngarasa geus euweuh deui batur nu bisa maturan jeung aya keur manéhna saperti Gumilang. Konflik dina ieu novél mindeng karandapan di dunya nyata, leungiteun ku Iyang tuluy layeut jeung Bén, babaturana Iyang kénéh tapi teu lana. Tuluy dalit jeung Suminar anu pada-pada resep ngalangeu bari nyingkur, sok ngaroko jeung nguyup arak. Nepi ka layeut pisan, dalah terus jadi lésbian. Tapi Suminar gé maot deuih sanggeus nyebutkeun hayang kawin. Ari maotna lantaran aborsi, da keur kakandung teuing ku saha. Dina pamustunganana Rinrin gé hayang kawin teuing ka saha.

### 3.5.2.2 Biografi Singget Pangarang



**Gambar 3.9**  
**Biografi Deden Abdul Aziz**

Dédé Abdul Aziz lahir di Cianjur tanggal 28 Agustus taun 1972. Dédé Abdul Aziz salaku sastrawan Sunda anu kawilang entragan anyar, tapi dina karya-karyana Dédé Abdul Aziz méré nuansa anu béda. Karya-karyana kungsi dimuat dina *Manglé* jeung *Galura*.

Dédé Abdul Aziz ogé remen nulis dina bahasa Indonésia, dimuat dina *Pikiran Rakyat*, *Republika*, *Media Indonésia*, *Suara Pembaharuan*, jeung majalah sastra *Horison*. Dédé Abdul Aziz nyuprih élmu munggaran di SD Negeri Cangkring III Ciparay Bandung, tuluy pindah ka SD Negeri Cimanggu I Cianjur. Neruskeun ka SMP Negeri Cibeber Cianjur, laju ka SPG Negeri Cianjur, tuluy ka tingkat paguron luhur jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonésia IKIP Bandung nu ayeuna katelah UPI.

Dédé Abdul Aziz nikah ka Endah Dinda Jenura waktu keur kuliah kénéh dina taun 1995. Mas kawinna kaitung ahéng, nyaéta puisi anu judulna “Sagagang Simpé”. Sawatara karangan Dédé Abdul Aziz kungsi dilélér sababaraha hadiah, nyaéta hadiah D.K Ardiwinata, LBSS, jeung carpon pinilih manglé. Novél *Pangantén* mangrupa novél munggaranana dina sastra Sunda.

### 3.6 Prosédur Panalungtikan

Dina prosédur panalungtikan aya sababaraha tahapan anu dilaksanakeun, nyaéta:

- 1) Nangtukeun sumber data, novél *Pangantén* karya Dédé Abdul Aziz.
- 2) Maca sagemblengna novél *Pangantén* karya Dédé Abdul Aziz.
- 3) Maca buku-buku nu aya patalina jeung strukturalisme, jeung psikologi kapribadian humanistik.
- 4) Ngumpulkeun data nu kapanggih tina novél *Pangantén*.
- 5) Nganalisis novél *Pangantén* karya Dédé Abdul Aziz dumasar kajian strukturalisme jeung Psikologi Kapribadian Humanistik.
- 6) Maca deui jeung nganalisis novél *Pangantén* karya Dédé Abdul Aziz.

Ane Ainun Nurlaela, 2021

**KONFLIK BATIN TOKOH UTAMA DINA NOVEL PANGANTEN KARYA DEDEDEN ABDUL AZIZ (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI KAPRIBADIAN HUMANISTIK)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 7) Ngaropéa hasil analisis novél *Pangantén* karya Dédén Abdul Aziz saluyu jeung ulikan tiorina.
- 8) Ngecék hasil analisis struktur carita novél *Pangantén* karya Dédén Abdul Aziz.
- 9) Nambahan hasil analisis struktur carita novél *Pangantén* anu can kumplit.
- 10) Ngaropéa hasil analisis novél *Pangantén* anu masih kénéh kurang merenah.
- 11) Nyieun kacindekan tina data anu geus dianalisis.